

## PWOGRAM MEDICAID RHODE ISLAND:

Asirans sante pou ou menm ak fanmi ou.



### Medicaid ap ede w jwenn swen sante abòdab lè w bezwen li.

Ou ka enskri nenpòt ki lè - men pa tann! Asire w ke ou menm ak fanmi w rete an sante pandan tout ane a.

#### Kiyès ki ka elijib?

- Timoun ak adolesan jiska laj 19 an (Tout timoun yo elijib anba Cover All Kids, kèleswa sitiyasyon imigrasyon, enli timoun ki pa gen papye ak moun k ap resevwa Aksyon Difere pou Arive Timoun (DACA).)
- Fanmi ki gen timoun
- Fanm ansent
- Granmoun ki aje
- Moun ki gen andikap
- Jèn ki "soti" nan fanmi akey
- Sitwayen Ameriken ak sèten Imigran ki nan sitiyasyon iregilye

#### Si w elijib pou Medicaid, w ap benefisyé kouvèti pou:

 Vizit doktè	 Swen prenatal ak matènité
 Transpò medikal ki pa an ijans	 Swen sante mantal
 Sejou nan Lopital	 Medikaman
 Swen preventif: vaksen, mamogram, ak kolonoskopi	 Swen vizyon ak dantè

Medicaid ou a pral jere pa yon founisè asirans ki fyab tankou Neighborhood Health Plan of Rhode Island, Tufts Health Public Plans, oswa UnitedHealthcare Community Plan. Moun ki gen andikap k ap chèche asistans lakay yo, nan komunitè a oswa nan yon mezon retrèt, ka aplike pou Sèvis ak Sipò Alontèm (LTSS).

**Elijiblité a ka depann** de revni ou, kantite moun ki nan kay ou oswa sitiyasyon andikap ou a. Menmsi ou pa t elijib anvan, ou ka kalifye kounye a. Pwogram Medicaid la pral revize aplikasyon w lan epi l ap di w si w kalifye.

#### Kijan pou mwen aplike pou Medicaid?

Tout moun ka aplike atravè Depatman Sèvis Sosyo RI (RI Department of Human Services/DHS)

- An liy: konekte oswa kreye yon kont sou [healthyrhode.ri.gov](http://healthyrhode.ri.gov)
- Pa lapòs: Vizite [DHS.RI.gov/apply-now](http://DHS.RI.gov/apply-now) pou telechaje yon aplikasyon epi voye li pa lapòs bay:  
RI Department of Human Services  
P.O. Box 8709  
Cranston, RI 02920-8787
- An pèsòn: Vizite [DHS.RI.gov/apply-now](http://DHS.RI.gov/apply-now) pou telechaje aplikasyon an. Depoze aplikasyon w ranpli a nan yon bwat pou depoze ki sekirize nan nenpòt biwo DHS.